

RAKONTÈ: Video sa a gen bonjan enfòmasyon itil sou odyans pou demann azil.
Wap jwenn plis detay ak nouvèl enfòmasyon sou sitwèb nou an : irb.gc.ca

MIZIK: Gen yon ti mizik de fon k ap jwe pandan tout videyo a.

RAKONTÈ: Lè yo prè pou tande demann azil ou a, Seksyon Pwoteksyon Refijye (SPR) nan Komisyon Imigrasyon ak Refijye ap voye yon dokiman ki rele Avi konvokasyon bawou oubyen bay Konseye ou a.

Nan avi sa a w ap jwenn dat, lè ak kibò odyans ou an ap fèt.

Si ou genyen yon konseye l ap reprezante ou nan odyans lan.

RAKONTÈ: Vi prive w enpòtan pou nou. Nou konprann ke sa k ap diskite nan odyans yo se enfòmasyon trè pèsònèl e ki souvan difisil pou pale. Ke odyans ou an fèt sou video oubyen an pèsonn, se yon zafè prive.

Yo va anrejistre odyans ou a, men se oumenm sèl, ak Konseye ou a, oubyen Konseye Minis la ki kapab mande yon kopi. Konseye Minis lan reprezante Ajans Fwontyè Kanada oubyen Imigrasyon, Refijye ak Sitwayènte Kanada.

Kounye a nou pral gade tout detay sou odyans lan, e pandan setan nou va tou fè w wè tout diferans ki genyen ant yon odyans sou video ak yon odyans an pèsonn.

RAKONTÈ: An jeneral yon odyans pwograme pou yon dire de 3èdtan. Manb lan toujou pran yon ti poz nan mitan odyans lan. Nenpòt lè w bezwen, ou ka toujou mande yon poz tou. Pa enkyete w si odyans ou an pagen tan fini pou jou sa a, Manm lan va mande yon lòt dat ak yon lòt lè pou kontinye avèk odyans ou an.

Lè odyans lan kòmanse, manb lan va kòmanse anrejistre, e li va di : “Kounye a n ap anrejistre”.

Alò, Manb la va prezante tèt li ak tout lòt patisipan yo.

Si gen entèprèt, Manb lan va gen pou l konfime ke entèprèt la ak ou youn konprann lòt.

Entèprèt yo se pwofesyonèl yo ye. Yo prete sèman pou entèprete tout bagay ak presizyon e pou yo totalman respekte sa k ap di yo kòm bagay prive.

RAKONTÈ: Pou odyans sou video, Manb lan ap mande ki kote ou ye.

Ou pa dwe gen okenn dokiman devan wou, men ou kapab kenbe dokiman ou yo, prè ou yo tou pre, nan ka ke Manb lan ta mande pou l wè yon dokiman.

Manb lan tou ap mande tout lòt moun ki konekte nan odyans lan pou yo konfime ke yo pou kò yo nan sal yo ye a, e ke pagen lòt moun ki ap tande oubyen gade odyans lan.

Sa ede pou fè ke pwosesis la ap pase san fòs kote, e se pou pwoteje vi prive w tou.

RAKONTÈ: Si wou gen pwoblèm ak son an oubyen ak video a pandan yon odyans an liy, ou dwe fè Manb lan konnen sa imedyatman.

Si ou pèdi koneksyon pandan odyans sou video a, ou dwe eseye rekonekte.

Si sa pa mache, kontakte Rejis SPR lan nan nimewo ki sou Avi konvokasyon an imedyatman.

RAKONTÈ: Nan odyans lan, Manb lan pase an revè tout dokiman ki va gen pou itilize kòm prèv pandan odyans lan.

Oumenm ak Konseye ou a dwe gen tout orijinal dokiman ke nou voye bay SPR kòm prèv.

Manb lan ka mande wè tout dokiman ki te al jwenn SPR, jis pou l gade yo fizikman.

Si sa ta rive pandan yon odyans sou video, Manb lan ap bay enstriksyon sou ki kote ak kòman pou w voye dokiman yo bay.

RAKONTÈ: Lè li fin byen egzamine dokiman yo, Manb lan ap mande ou pou w fè pwomès ke ou pral di laverite pandan odyans lan..

Alò Manb lan ap mande si tou sa ou ekri nan Fòm Baz Demann ou an konplè epi si se verite.

Y ap gen pou anrejistre odyans ou an. Li enpòtan pou w pale klè e fò pou asire ke tout repons ou yo anrejistre.

Answit, Manb lan ap gen pou l eksplike w koman odyans lan ap dewoule e kòman kesyon yo ap poze. Nan moman sa a, li va gen pou l fè w konnen tout pwoblèm legal ki ka genyen – si genyen -- e si li ta bezwen plis enfòmasyon sou sa.

RAKONTÈ: Men kèk egzanp pwoblèm legal ki ka diskite pandan odyans ou an.

Idantite ou se youn nan pwoblèm legal posib.

Idantite vle di ke w dwe pwouve kiyès ou ye e nan ki peyi ou sitwayen.

Si w pa sitwayen okenn peyi, ou bezwen pwouve ki kote w te viv. An jeneral, ou ka konfime

sa ak paspò w oubyen ak lòt dokiman idantite ki soti nan men gouvènman kote ou te abite yo.

RAKONTÈ: Yon lòt pwoblèm legal, se kredibilite. Sa vle di : eske w ap bay laverite.

Se youn nan rezon ki fè y ap poze w kesyon nan odyans lan. Repons ou yo pèmèt Manb lan deside si enfòmasyon ou bay nan Fòm Baz demann nan vrè ansanm ak lòt dokiman yo tou.

RAKONTÈ: Pwoteksyon leta, se yon lòt pwoblèm legal.

Eske lapolis ak lòt otorite yo, tankou gouvènman oubyen sistèm jistis nan peyi w la kapab pwoteje w kont danje?

Eske w te mande èd nan peyi w?

Sa yo se kesyon ki enpòtan, paske Canada kapab bawou pwoteksyon sèlman si ou ka montre ke ou pa jwenn pwoteksyon nan peyi w.

RAKONTÈ: Yon lòt pwoblèm legal ankò se Refij entèn. Nan sans ke, eske w te ka jwenn lòt kote nan peyi w kote w te ka viv an sekirite?

Nan jan sitiasyon an ye pou ou la a, eske li t ap rezonab pou w t al viv kèk lòt kote nan peyi w olye pou w rete o Canada?

RAKONTÈ: Kounye a, annou gade kijan yo pral poze kesyon yo. Pandan odyans ou an, y ap poze w kesyon sou demann ou an. Repons ou yo se sa yo rele “temwayaj” la.

Objektif kesyon yo se pou bay Manb lan ase enfòmasyon pou ede l pran desizyon sou demann ou an.

Si ou genyen yon entèprèt, eseye pale kout. Sa pèmèt entèprèt la fè yon pibon travay.

Si ou pa konprann yon kesyon, di Manb lan ke ou pa konprann.

RAKONTÈ: Si Imigrasyon, Refijye ak Sitwayènte Canada oubyen Ajans Fwontyè Canada ap patisipe nan odyans lan, yo toujou poze kesyon an premye.

Answit, Manb la va poze kesyon, epi Konseye ou a kapab poze w kesyon tou.

Si w pa gen konseye, Manb lan ap baw opòtinite pou di tout sa wou panse ki ka sipòte dosye ou a.

Aprè sa, Manb lan ka poze w kèk kesyon pou fè swit.

RAKONTÈ: Si w pote temwen nan odyans lan, Manb lan toujou mande yo pou yo pale aprè w fini.

Nan yon odyans an pèsonn, temwen yo rete nan sal datant jiskaske lè ya rive pou yo vin pale e bay prèv pa yo.

Pou yon odyans sou video, yo mande temwen an pou l branche nan yon moman espesifik pandan an odyans lan.

RAKONTÈ: Aprè seyans kesyon yo fini, Manb lan ap mande w oubyen Konseye ou a pou eksplike pouki rezon yo ta dwe aksepte demann azil ou a.

Sa rele yon soumisyon oral.

Yon soumisyon se yon rezime de tout prèv ki prezante yo, ak yon eksplikasyon sou kòman enfòmasyon sou peyi a ansanm ak lalwa tonbe annakò ak sikonstans ou yo.

Manb lan ka mande w oubyen Konseye ou an pou bay soumisyon alafen odyans lan.

Si Imigrasyon, Refijye ak Sitwayènte oubyen Ajans Fwontyè Canada ap patisipe nan yon odyans, Manb lan ap ba yo opòtinite pou fè yon soumisyon sou dosye ou a.

RAKONTÈ: Se Manb SPR la k ap gen pou l deside sou demann azil ou a.

Manb lan ka bawou desizyon li sou dosye a ansanm ak rezon an alafen odyans lan. Oubyen li ka bezwen plis tan pou konsidere prèv ak temwayaj yo sou dosye w la.

Si se pa posib pou li bawou desizyon an imedyatman, l ap voye l ba wou annaprè.

Nan toulede ka yo, ou va resevwa yon Avi desizyon k ap fè w konnen si demann ou an te aksepte ou rejte.

RAKONTÈ: Si ou resevwa yon refi pou demann azil ou a, e ou pa dakò ak li, ou ka ranpli yon avi dapèl devan Seksyon Apèl pou Refijye (SAR). W ap gen 15 jou pou w fè sa aprè ou resevwa desizyon an.

Pou plis enfòmasyon, ale nan seksyon Apèl pou refijye sou sitwèb CISR la epi ou ka ale sou pati ki rele Ranpli yon Apèl pou refijye.

Si w gen entansyon fè apèl devan SAR la, li bon pou w chache konsèy legal imedyatman.

RAKONTÈ: Si dosye ou la pa akseptab pou l ale nan apèl devan SAR, ou ka prezante yon aplikasyon pou yon Revizyon Jiridik devan Tribinal federal Canada. Sa vle di ke yon jij va egzamine desizyon ke SPR te pran sou dosye ou a.

Delè a trè estrik nan zafè aplike pou yon egzamen jiridik. Si ou vle aplike pou yon revizyon jiridik ou dwe chache konsèy jiridik imedyatman.

RAKONTÈ: Avi Desizyon an va bawou plis enfòmasyon sou dwa w pou w fè apèl.

RAKONTÈ: Asire w ke enfòmasyon kontak ou yo ajou nan CISR, menm aprè odyans ou an.

RAKONTÈ: Pou w jwenn nouvèl enfòmasyon sou pwosesis demann azil ou, ale sou sitwèb CISR la oubyen rele gratis nan at 1-833-931-5121 pou enfòmasyon jeneral.

RAKONTÈ: Ou ka eskane kòd QR la ki sou ekran an pou w ka vizite paj kontak nou an, kote ou ka jwenn enfòmasyon sou kote ou ka voye dokiman ou yo ak kòman ou ka jwenn nou si ou gen yon kesyon.